



Avi pou Anplwaye yo

Fason pou Rekipere Salè nan Konte Broward, Florida

Òdonans Konte Broward 2018-36, ki gen rapò ak rekiperasyon salè, jan li te kodifye nan Chapit 20 ½-1 jiska 20 ½ 9, Kòd Konte Broward, yo te mete anplas nan dat 17 septanm 2018.

Si ou te travay nan Konte Broward epi anplwayè ou swa pa te peye ou oswa li pa te peye ou kantite salè ki apwopriye pou travay ou te fè a, ou ka gen dwa pou depoze yon plent ak Seksyon Estanda Pwofesyonèl/Dwa moun pou rekipere lajan ou te travay pou li a.

Anvan ou depoze yon plent avèk Konte Broward, OU DWE:

1. Notifye patwon ou, alekri, nan 60 (swasant) jou oswa pi pitit apre dat ou te sipoze touche salè yo, patwon ou pa te peye ou tout salè ou te travay pou li a, epi
2. Asire w avi ou bay patwon ou alekri a idantifye 1) tout salè ou deklare ou pa te touche pou yo oswa ou pa te touche tout sa ou te sipoze resevwa a; 2) dat ak kantite èdtan ou te travay w ap mande peman an, oswa yon estimasyon dat ak kantite èdtan an.
3. Bay patwon ou 15 (kenz) jou apre li resevwa avi alekri a pou reponn. Si ou pa resevwa yon repons, ou ka soumèt Fòm Plent pou Rekipere Salè ou a, ak yon kopi lèt avi a nan biwo nou.

Dwa ki pwoteje nan Òdonans Rekiperasyon Salè Konte Broward:

1. Ou kapab depoze yon plent konsènan lajan w ap akize yon patwon pa te peye ou oswa li pa te peye ou ase pou travay ou te fè ki depase 60.00
2. Ou gen dwa ale nan yon odyans administratif devan yon Ofisyè Odyans ki kalifye, si reklamasyon ou yo pa rezoud nan konsilyasyon. Ofisyè Odyans la pral kontakte moun ki konsène yo pou pwograme odyans la.
3. Si ou genyen odyans administratif la, Ofisyè Odyans la ap bay yon lòd ekri final ki mande patwon ou pou dedomaje ou ki gen ladan: 1) tout salè li dwe ou yo; 2) domaj likide nan yon montan ki egal a salè ou pwouve yo pa te peye w; ak 3) depans rezonab ak frè avoka ou fè ki gen rapò avèk odyans administratif la.
4. Ou gen dwa depoze yon plent apwopriye nan yon tribinal jiridiksyon ki konpetan pou ranfòse lòd final la, si patwon-an pa konfòme li avèk lòd ekri odyans lan nan trant (30) jou apre dat yo bay li a.
5. Li kont la lwa fè vanjans kont anplwaye ki pran aksyon pou pwoteje dwa li.

Pou jwenn plis enfòmasyon kontakte:

The Professional Standards/Human Rights Section
Governmental Center, Room 427, 115 S. Andrews Avenue
Fort Lauderdale, Florida 33301
Telefòn: (954) 357-6500

Pou plis detay sou Òdonans Rekiperasyon Salè a, gade seksyon [20 ½-1 - 20 ½-9, Kòd Konte Broward](#).
(www.municode.com/Library/FL/Broward_County) Rev. 10/18